



C A L I F O R N I A

DEPARTMENT OF JUSTICE

V I C T I M S ' S E R V I C E S U N I T



Lwa sou Dwa Viktim 2008

Kat Marsy ak Resous yo

Pou bay viktim yo dwa pou jistis ak pwosesis legal

Non Ajan an:

Telefòn:

Non Pwokirè a:

Telefòn:

Rapò Polis:

Tribinal Siperyè:

Non Akize a:

Dat Nesans (DOB):

Sou 4 novanm 2008, Pèp Eta Kalifòni te apwouve Pwopozisyon 9, Lwa sou Dwa Viktim 2008: Lwa Marsy. Mezi sa a modifiye Konstitisyon Kalifòni pou bay plis dwa bay viktim yo. Kat sa a gen seksyon espesifik nan Lwa sou Dwa Viktim yo ak resous yo. Viktim krim yo ka jwenn plis enfòmasyon sou Lwa Marsy a ak sou Sant Asistans pou Temwen Viktim lokal yo lè yo kontakte Inite Sèvis pou Viktim Biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-877-433-9069 oswa sou sitwèb nou an: www.oag.ca.gov/victimservices/contact.

Yon 'viktim' defini anba Konstitisyon Kalifòni kòm "yon moun ki sibi domaj fizik, sikolojik, oswa finansye dirèkteman oswa anba menas kòm rezilta komèt oswa eseye komèt yon krim oswa zak delenkans. Tèm 'viktim' lan gen ladan mari oswa madanm moun nan, paran li, pitit li, frè ak sè li, oswa gadyen li, epi li gen ladan yon reprezantan legal viktim krim lan ki mouri, ki minè, oswa ki pa kapab fizikman oswa sikolojikman. Tèm 'viktim' lan pa gen ladan yon moun ki deja nan prizon pou yon enfraksyon, moun ki akize a, oswa yon moun tribinal la jwenn ki pa ta aji nan pi bon enterè yon viktim ki minè." (Kal. Konst., atik I, § 28(e).)

RESOUS POU VIKTIM NAN TOUT ETA A

Sèvis Pwoteksyon pou Adilt: Ajans sa a dedye a pwoteje sante ak sekirite granmoun aje ak adilt ki depann yo ki sibi neglijan, abi, oswa eksplwatasyon. Pou rapòte abi oswa neglijan oswa pou kontakte Sèvis Pwoteksyon pou Adilt nan konte ou, tanpri rele 1-833-401-0832.

Depatman Koreksyon ak Reyabilitasyon Kalifòni, Biwo Dwa Viktim ak Sivivan yo (OVSRS): Ajans sa a bay enfòmasyon sou odisyon pou libète sou kondisyon, kondisyon libète sou kondisyon, chanjman nan estati detansyon, ak ranbousman lè moun ki komèt krim lan nan prizon Kalifòni. Si ou gen nenpòt kesyon oswa bezwen asistans, tanpri rele 1-877-256-6877 oswa voye yon imèl: www.cdcr.ca.gov/victim_services

Pwogram Konpansasyon pou Viktim: Konsèy Konpansasyon pou Viktim Kalifòni (CalVCB) se yon dènye sous peman. Si ou satisfè kritè elijiblite yo, CalVCB ka ede w pa ranbouse frè ou sibi kòm rezilta yon krim. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon elijiblite yo, krim CalVCB kouvri ak depans ki elijib yo, tanpri kontakte Sant Temwen Viktim lokal ou oswa CalVCB dirèkteman nan 1-800-777-9229 oswa vizite www.victims.ca.gov

Sant Resous pou Viktim Kalifòni: Bay enfòmasyon sou dwa viktim yo, resous pou viktim nan zòn kote yo abite, ak enfòmasyon sou ranbousman. Si ou gen nenpòt kesyon oswa bezwen asistans, tanpri rele 1-800-VICTIMS oswa imèl www.1800victims.org

Sèvis Rely Kalifòni an: Ajans sa a bay Asistan Kominikasyon ki resevwa fòmasyon espesyal pou moun ki gen difikilte pou pale, soud oswa ki pa tande byen. Si ou gen nenpòt kesyon oswa bezwen asistans, tanpri rele 711 oswa 1-800-735-2929.

Sant Asistans pou Viktim/Temwen yo: Pou jwenn enfòmasyon sou Sant Asistans pou Viktim/Temwen lokal ou yo, defans viktim, enfòmasyon sou pwosesis lajistis kriminèl la ak lòt resous nan zòn ou an, tanpri kontakte Inite Sèvis pou Viktim Biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-877-433-9069, oswa vizite www.oag.ca.gov/VictimServices.

Pwogram Jistis Restoratif ki Baze sou Kominote a: Dapre Kòd Penal Kalifòni Seksyon 679.02 ak 679.027, "jistis restoratif" ankouraje responsabilite, gerizon, ak repare lè gen domaj. Pwosesis sa yo kapab enkli reyinyon fasilite ant moun ki sibi domaj la, moun ki lakòz domaj la, fanmi yo, ak manm kominote a pou egzamine koz rasin ak enpak domaj la epi sipòte responsabilite ak gerizon. Pwosesis jistis restoratif yo souvan bay bonjan konpreyansyon sou domaj ki te fèt, ekspresyon responsablite ki gen sans, ak akò pou pran aksyon espesifik pou repare domaj la, tankou sèvis pèsònèl oswa kominotè, patisipasyon nan travay oswa konsèy, ak peman ranbousman. Si ou enterese aprann sou pwogram jistis restoratif ki baze sou kominote oswa gouvènman lokal nan konte ou, tanpri kontakte Inite Sèvis pou Viktim Biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-877-433-9069 oswa atravè sitwèb nou an: www.oag.ca.gov/victimservices/contact.

RESOUS NASYONAL POU VIKTIM YO

Sant Nasyonal pou Viktim Krim yo: 1-202-467-8700 • victimsofcrime.org



CALIFORNIA DEPARTMENT OF JUSTICE

OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL

Lwa sou Dwa Viktim yo

Konstitisyon Kalifòni, Atik I, Seksyon 28(b)

Pou prezève ak pwoteje dwa viktim pou jistis ak pwosesis legal, yon viktim gen dwa pou:

1. Yo trete li ak ekite ak respè pou vi prive ak diyite li, epi pou li lib kont entimidasyon, asèlman, ak abi pandan tout pwosesis penal oswa jidisyè aplikab pou minè.
2. Li resevwa pwoteksyon rezonab kont akize a ak nenpòt moun k ap aji an favè akize a.
3. Sekirite viktim lan ak fanmi viktim lan pran an konsiderasyon lè y ap fikse kantite kosyon ak kondisyon liberasyon pou akize a.
4. Evite divilgasyon enfòmasyon oswa dosye konfidansyèl bay akize a, avoka akize a, oswa nenpòt lòt moun k ap aji an favè akize a, ki ta ka sèvi pou lokalize oswa asèlman viktim lan oswa fanmi li, oswa ki divilge kominikasyon konfidansyèl pandan tretman medikal oswa konsèy, oswa ki otreman prive oswa konfidansyèl dapre lalwa.
5. Refize fè entèvyou, depozisyon, oswa repons pou demann dekouvèt soti bò akize a, avoka akize a, oswa nenpòt lòt moun k ap aji an favè akize a, epi fikse kondisyon rezonab pou nenpòt entèvyou viktim lan dakò pou li fè.
6. Resevwa notifikasyon rezonab ak konsilte avèk ajans k ap pouswiv la, sou demann, sou arestasyon akize a (si pwokirè a konnen), chaj yo mete, desizyon pou ekstrade akize a, epi, sou demann, enfòmasyon sou nenpòt desizyon ki fèt anvan jijman an.
7. Resevwa notifikasyon rezonab sou tout pwosedi piblik, tankou odyans delenkans, kote akize a ak pwokirè a gen dwa pou yo prezan, epi tout odyans libète sou kondisyon oswa liberasyon apre kondanasyon, epi gen dwa pou prezan nan tout pwosedi sa yo.
8. Fè tande, sou demann, nan nenpòt odyans, enkli nenpòt odyans delenkans, ki konsène liberasyon apre arestasyon, deklarasyon koupab, kondanasyon, liberasyon apre kondanasyon, oswa nenpòt lòt odyans kote dwa viktim lan konsène.

9. Jwenn yon jijman rapid ak yon rezolisyon final rapid pou ka a ak nenpòt pwosedi ki vin apre jijman an.
10. Bay enfòmasyon bay ofisyèl depatman libète sou siveyans la pandan ankèt avan santans lan sou enpak krim nan sou viktim lan ak fanmi li, ak nenpòt rekòmandasyon sou santans lan anvan yo kondane akize a.
11. Resevwa, sou demann, rapò avan santans lan lè li disponib pou akize a, eksepte pati lalwa fè konfidansyèl yo.
12. Jwenn enfòmasyon, sou demann, sou kondanasyon, santans, kote ak lè akize a ap nan prizon, oswa lòt desizyon sou li, dat li pwograme pou li soti, ak nenpòt liberasyon oswa echapman akize a soti nan prizon.
13. Resevwa ranbousman.
 - A. Se volonte klè Pèp Kalifòni pou tout moun ki sibi pèt akòz aktivite kriminel gen dwa chèche ak jwenn ranbousman nan men moun yo kondane pou krim yo ki lakoz pèt sa yo.
 - B. Y ap bay lòd pou akize ki koupab peye ranbousman nan chak ka, kèlkeswa santans oswa desizyon yo mete sou li, si viktim lan sibi pèt.
 - C. Tout lajan, resous, ak byen y ap ranmase nan men nenpòt moun ki gen obligasyon pou li peye ranbousman dwe premye ale pou peye viktim lan.
14. Resevwa byen li yo rapidman si yo pa nesesè ankò kòm prèv.
15. Jwenn enfòmasyon sou tout pwosedi libète sou kondisyon, patisipe nan pwosesis libète sou kondisyon la, bay enfòmasyon bay otorite libète sou kondisyon la pou konsidere anvan yo bay libète, epi resevwa notifikasyon, sou demann, sou libète oswa lòt fòm liberasyon akize a.
16. Pran sekirite viktim lan, fanmi li, ak piblik la an konsiderasyon anvan yo pran nenpòt desizyon sou libète sou kondisyon oswa liberasyon apre jijman.
17. Resevwa enfòmasyon sou tout dwa ki endike nan paragaf (1) rive (16).

Yon viktim, avoka viktim lan anboche, reprezantan legal viktim lan, oswa pwokirè a sou demann viktim lan, kapab fè respekte dwa sa yo nan nenpòt tribinal jijman oswa apèl ki gen jiridiksyon sou ka a, kòm yon dwa. Tribinal la dwe reponn san pèdi tan a demann sa a.

(Konst. Kalifòni, atik I, § 28(c)(1).)